

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

DISTRI A LANSE INISYATIV 'IATTEND M-DCPS' POU ESTOPE ABSANS LEKÒL

Nan nenpòt ki jou, prèske 20,000 elèv absan nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Ale lekòl chak jou se youn nan faktè ki pi senp e ki pi enpòtan ki kontribye nan siksè akademik yon timoun. Se sa k fè Sipèentandan Alberto M. Carvalho ak Manm Komisyon Konsèy yo – ansanm ak lidè minisipal e òganizasyon kiltirèl e kominotè yo - te fè yon konferans pou laprès resamman pou lanse "iAttend M-DCPS Initiative" (Inisyativ Mwen Ale nan Lekòl Leta Miami Dade County), yon apwòch estratejik ki pi agresif pou dewoute absans lekòl.

Sipèentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, "Chak jou yon timoun vin lekòl se yon opòtinite pou li aprann... Genyen yon relasyon dirèk ant ale lekòl regilyèman ak siksè elèv. Li enpòtan pou paran, biznis, lidè relijye, ofisyè eli ak tout segman nan kominote nou an rankontre avèk nou pou ranfòse enpòtans prezans lekòl regilye. Prezan chak jou vle di elèv nou yo ap fè eksperyans jwa aprantisaj.

Inisyativ sa a gen ladan siveyans pi prè e rapòte absans elèv, rele paran, e mezi pi dirèk ki gen ladan vizite kay la, bay konsèy e refere li bay ajans deyò.

Distri a gen nan plan li pou bay defi 'iAttend M-DCPS' kote nou ap rekonèt lekòl nan yon baz masyèl pou amelyore prezans ak prezans wo, ki gen ladan rekonesans pou elèv yo. Adisyonèlman, Miami Marlins, Miami Dolphins, Miami HEAT ak City Ballet, patnè lontan distri lekòl la dakò pou bay inisyativ sa a sipò atravè kominikasyon ki vize pou kominote a.

Pami patnè nou ki te prezan jodi a se te: Vis Chèman Komisyon Konsèy Lekòl yo Dtè. Larry Feldman, Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall, Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo Lubby Navarro, Majistra Vil Miami Tomás Regalado, Prezidan 'Council' Vil Hialeah Isis Garcia-Martinez, Prezidan 'Council' PTAs/PTSAs Miami-Dade County Joseph Gebara, Prezidan 'Urban League of Greater Miami' T. Willard Fair, Direktris Atistik City Ballet Miami Lourdes Lopez, ak Direktrè Egzekitif Miami City Ballet Michael Scolamiero, ak Direktrè Gwo Grad ki soti nan Miami Marlins pou Lyezon Kominotè Angela Smith.

Si ou ta renmen ede, silvoulè rele 305-995-3050. Ou kapab rete enfòm sou inisyativ sa a sou medya sosyal tou nan sèvi ak #iAttendMDCPS.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

14 oktòb	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
17 novanm	10:00 dimaten	Reyinyon Òganizasyonèl
18 novanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

DE LEKÒL LETA MIAMI-DADE ANTÈT NAN ETA A SOU LIS NEWSWEEK 2015 POU 500 MEYÈ LEKÒL

Yo prezante douz lekòl leta Miami-Dade nan lis jounal prestijye Newsweek "Beating the Odds 2015: Top High Schools for Low-Income Students" (Malgre Difiltilte: Meyè Lekòl Segondè pou Elèv ki Gen Revni Ba). Sou 21,000 lekòl segondè nan peyi a, sèlman 23 lekòl nan Florid nan lis la. Pami yo, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) reprezante yon 52 pousan eklatan nan lekòl yo chwazi nan eta a avèk "Medical Academy for Science and Technology" (Akademi Medikal pou Syans ak Teknoloji) nan Homestead ki klase #1 ak "Design & Architecture Senior High (DASH)" (Lekòl Segondè Desen ak Achitekti) ki klase #2.

Sipèentandan Alberto M. Carvalho di, "Lekòl Leta Miami-Dade County ekstrèmman fyè pou yo rekonèt li sou lis enpòtan sa a. Reyalizasyon sa a se yon temwayaj pou apwòch inovatif e pwogresif distri lekòl la pran konsènan divès òf edikasyonèl ki asire yon edikasyon klas mondyal pou tout elèv nou yo."

Newsweek ap klase meyè lekòl segondè Ozetazini depi plis pase dizan. Li idantifye 500 lekòl segondè leta atravè peyi a nan sa ki konsène to gradyasyon, to elèv ki abandone lekòl, nòt "AP/IB", enskripsyon nan kolèj, patisipasyon ak nòt nan "SAT" ak "ACT", kantite elèv ki enskri nan kou kolèj pandan yo nan lekòl segondè ak nòt eta a, ansanm ak yon kantite elèv ki elijib pou repa midi gratis/nan pri redui.

Lèt lekòl ki nan lis la se:

iPreparatory Academy, Miami Springs Senior High School, Coral Reef Senior High School, Miami Coral Park Senior High School, G. Holmes Braddock Senior High School

Pou yon lis konplè Meyè Lekòl Newsweek, vizite sit Entènèt la nan: <http://www.newsweek.com/high-schools/americas-top-high-schools-2015>.

M-DCPS OGANIZE KANPAY AKTIVITE FIZIK NASYONAL 'SHAPE AMERICA' "50 MILLION STRONG BY 2029" (50 MILYON FÈM VÈ 2029)

Sipèentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho, manm Komisyon Konsèy, ofisyèl Distri, ak elèv klas matènèl e anplwaye Lekòl Elemantè North Beach te resevwa reprezantan ki soti nan "SHAPE America" (Fè Amerika Fèm), Konsil Prezidan an sou Bon Kondisyon Fizik ak NIKE maten an pou lanse kanpay "50 Million Strong by 2029" campaign, (50 Milyon Fèm vè Ane 2029), yon mouvman nasyonal pou asire, tan pou elèv nan klas matènèl jodi a gradye nan lekòl segondè an 2029, tout elèv Ozetazini pral benefisye ladrès, konesans ak opòtinite pou jwi aktivite fizik ansante, e ki fè sans.

Aktivite fizik nan lekòl ofri elèv anpil benefis, ki gen ladan amelyorasyon nan akonplisman akademik, nòt egzamen, atansyon, konsantrasyon e konpòtman serye. Inisyativ sa a pral bay jèn yo konesans ak ladrès pou vin aktif diran tout lavi, e asire yo opòtinite pou angaje yo nan aktivite fizik ki asosye ak jounen lekòl la pou 60 minit.

SIPÈNTANDAN CARVALHO EKSPRIME ENKYETID LI KONSÈNAN REZILTA FSA YO DEVAN KOMISYON EDIKASYON ETA A

Lendi 21 septanm, Komisyon Edikasyon Eta a te fè yon reyinyon nan Miami Gardens. Anba a genyen yon ekstrè nan remak Sipèntandan Alberto Carvalho nan non Asosyasyon Sipèntandan Distri Lekòl nan Florid.

Prèske sèt mwa desa, plis pase yon milyon elèv atravè eta Florid la te chita devan yon ekran òdinatè pou pran Evalyasyon Estanda Florid moun t ap tann avèk enpasyans, e ki te fè anpil deba. Elèv yo te resevwa preparasyon nan men pwofesè yo e yo te gen konfyans sou abilitè yo pou demontre kantite sa yo te aprann nan ane lekòl ki sot pase a.

Nou tout konnen sa k te pase diran semèn egzamen sa yo – elèv yo te bloke, ekran blanch, atak sou òdinatè, anilasyon egzamen pandan elèv ap konpoze, chak jou, atravè tout distri a.

Depi lè sa a, yo ekri anpil bagay sou sistèm sa a ki pa efikas – yon etid sou validite avèk plis pase 130 paj tablo, done, ak rekòmandasyon, yon kantite inonbrab atik jounal ak papye opinyon, e 45,000 lèt yo voye bay antite eta a; tout sa te fèt pou eseye rezone avèk nenpòt moun ki te vle tandè sou mank rezon moun ki pa vle sede sou retisans yo pou admèt petèt sipèntandan, direktè, pwofesè, paran, ak elèv te ka gen rezon.

Petèt rapidite yo te mete nan egzamen sou òdinatè yo te twò agresif, e egzamen \$220 milyon yo te devlope a tout vitès yo, avèk kesyon ki soti nan Utah aprè yo te fin rejte PARCC la, pa t pare pou gran piblik la, e NENPÒT egzamen yo t ap inogire pa te kapab detèmine nòt apwopriye pou lekòl paske yo pa t kapab kalkile pwogrè aprantisaj yo nan yon ane.

Malgre sa, depatman an kontinye ap di li “sou bon wout” e li rete fèm nan entansyon li pou bay timoun nòt e konsa, li bay lekòl yo nòt ane dènye. Pozisyon sa a, grasa divès eklèsisman ki soti nan rekòmandasyon etid Alpine la, irezonab. Asosyasyon Sipèntandan Distri Lekòl nan Florid egzòte nou, ansanm ak Komisyonè a, pou nou li tout rapò a; pa sèlman nòt akote yo. Ladan, n ap jwenn anpil paj rekòmadasyon. Lidè lekòl, pwofesè, elèv, ak piblik la merite konnen dat limit pou adrese rekòmandasyon ki nan rapò a. Toutan nou pa konnen lè sa a, avanse pou pi devan se ajoute kesyon ak dout sou yon sistèm responsablite ki deja frajil.

Eta a ensiste tout bagay nan plas yo. Nou pa gen pou n enkyete nou pou anyen. Mwen raple nou se te pozisyon li tou anvan te gen pwoblèm nan administrasyon FSA a. Li difisil pou n konsidere piblikasyon nòt bay elèv ak fanmi yo nèt mwa aprè yon evalyasyon, kòm yon pwosesis ki “sou bon wout.” Nou tout ta dwe mande tèt nou ki bi ak benefis ki genyen nan bay lekòl nòt anreta konsa. Èske se pou enfòm e amelyore enstriksyon? Èske se pou bay elèv sipò ki pi apwopriye? Non, nèt mwa aprè yo fin bay egzamen an, e prèske senk mwa aprè ane lekòl la kòmanse, li twò ta pou sa.

Gen moun ki di pa gen anyen yon moun ka fè pou estope yon tren kago ki ap kouri, ki se bay nòt lekòl yo anreta. Mwen menm mwen reponn, li pi bon pou kanpe tren an olye pou n kite l avanse tou senpleman. Gen twò enterè ki an danje.

Pwogram Responsablite Lekòl FLDOE a sibi anpil chòk nan ane ki sot pase yo. Malerezman, li pèdi anpil kredibilite piblik la te fè li. Atravè ane yo nou vin kòwonp sa ki te konn yon kalkil konpetans ak devlopman pi senp e byen balanse, e nan zèl pou nou repare l, kounye a li riske pèdi mwaye nan fondman original li. Bay nòt avèk sèlman 50 pousan kritè tradisyonèl – pèfòmans sèlman – san konte pwofi nan aprantisaj – iresponsab e sa voye yon move mesaj bay elèv, pwofesè ak tout kominote a an jeneral.

Nou la pou nou aprann. Mwen kwè nou tout ka dakò elèv antre nan pòt lekòl nou yo avèk yon gwo varyete kapasite – varyete sa a depann de yon kantite faktè ki depase kontwòl edikatè – povrete, konpetans nan lang Anglè, andikap pou aprann, eksetera. Nou gen chaj pou n devlope entelijans elèv yo kèlkeswa kote yo ye lè yo fèk kòmanse. Jije nenpòt moun san pran an konsiderasyon pwogrè elèv yo fè pandan yon ane, iresponsab e sa ka detoune atansyon kominote yo sou vrè efikasite ansèyman.

Si Florid vle rete yon lidè nan refòm ak responsablite lekòl, li ta dwe respekte avètisman sipèntandan atravè eta a e li pa ta dwe bay lekòl yo nòt pou omwen ane ki sot pase a e konsantre li sou efò pou l etabli pi piti nòt posib pou ane debaz sa a pou li ka detèmine e mete ladan pwofi aprantisaj adekwat an 2015-16. Si li pa fè sa, sa pral sètènman konpwomèt pwogram responsablite nou an. Manèv estatistik pou eseye kreye yon epizòd ki parèt dezirab men ki pa gen lojik oubyen estatistik ki akonpaye l, pa apwopriye e souzestime responsablite rezonab e respektab.

DAT POU NOU SONJE

1ye oktòb -	Peryòd Ouvèti Aplikasyon Magnet
30 oktòb -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
11 novanm -	Obsèrans Fèt Ansyen Sòlda (Veterans Day)

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Wilbert “Tee” Holloway
Doktè Martin Karp
Lubby Navarro
Raquel A. Regalado
Doktè Marta Pérez Wurtz

Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo

Logan Schroeder-Stephens
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
Daisy Gonzalez-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon

